



Règleman Entèn Rezo Pwogram Anivèsè (REPA-UNEHD)

Tit 1 Dat Kreyasyon Nati- Objktif

Atik 1-Dat Kreyasyon ak Nati Rezo a.

Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD (REPA-UNEHD) kreye jou ki te 25 Desanm 2020 epi nou te lanse jou kite 1^{er} janvier 2023. **Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD** se yon gwoup Zanmi, Fanmi ak Kòlèg ki mete tèt yo ansanm pa mwayen kotizasyon chak fwa yo bay pou rive selebre anivèsè youn ak lòt chak jou a rive.

Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD (REPA-UNEHD) pa yon sòl, pa yon òganizasyon sosyal ni yon Mityèl non plis. Li se yon Rezo Solidarite nan mitan Ayisyen/Ayisyèn ki ap viv nan peyi entènasyonal kou nasyonal ki chwazi selebre anivèsè youn ak lòt nan lespri pataj, jwa ak Solidarite.

Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD (REPA-UNEHD) se yon aktivite Antrèd sosyal ak echanj ki kapab fèt sou plizyè fòm tankou sou fòm senbolik ki genyen pataj foto, flè, souwè ak ve. Li kapab tou pran yon fòm ekonomik kote manb yo mete yon fon kotizasyon pou sa pou distribiye a chak manb lè anivèsè yo rive, Selebrasyon pwogram anivèsè a se yon Mouvman volontè li ye. Sepandan yon manb dwe chwazi, pou li pa rete endiferan, fòm li plis renmen e ki kapab byen mache ak sitsyasyon li pou li fè echanj kado ak yon lòt manb lè anivèsè li.

Atik 2- Objktif Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD (REPA-UNEHD).

Objektif Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD (REPA-UNEHD) se:

- Devlope Lespri Solidarite ak pataj nan lanmou youn pou lòt.
- Transfòme pataj Senbolik jwa ak kado anivèsè ak yon montan pou fè kotizasyon sa tounen reyalite.
- Reyalize viv ansanm nan pa mwayen yon selebrasyon anyèl nan lajwa kote tout manb **Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD (REPA-UNEHD)** ap rankontre youn ak lòt.

Tit 2- Kondisyon pou vini Manb

Atik 3- Kondisyon pou yon Moun vini Manb Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD (REPA-UNEHD)

Pou yon moun vini manb **Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD la (REPA-UNEHD)**, men kondisyon pou li ranpli :

- Moun sa a dwe genyen referans yon manb ki deja fè pati **Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD la (REPA-UNEHD)**.
- Moun ki ap rantre nan **Rezo Pwogwam Anivèsè UNEHD la (REPA-UNEHD)** dwe ranpli yon fòmilè ki ba li dwa pou sa.

- Manb la dwe bay **\$100 us** kòm kotizasyon chak anivèsè, swa 48 tèd tan avan fèt yon manb kap fete nan **Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD la (REPA-UNEHD)**.

Tit 3- Administrasyon Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD (REPA-UNEHD)

Atik 4- Komite Jesyon ak Konpozisyon Rezo Pwogram Anivèsè.

Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD la (REPA-UNEHD) ap jere pa mwayen yon Komite ki genyen non : Komite Jesyon ak **Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)**. KOJESA ap dirije pa sis (6) manb plis yon teknisyen ki se :

- ✓ Prezidan.
- ✓ Sekretè Jeneral.
- ✓ Vis Sekretè
- ✓ Responsab Trezoreri
- ✓ Pòt Pawòl.
- ✓ Konseye Jeneral
- ✓ Teknisyen.

Atik 5- Atribisyon Komite Jesyon ak Selebrasyon Anivèsè (KOJESA).

- ✓ Planifye selebrasyon anyèl tout manb **Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD yo (REPA-UNEHD)**.
- ✓ Elabore bidjè mansyèl ak anyèl **Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD (REPA-UNEHD)** yo pa mwayen kotizasyon Manb yo.
- ✓ Distribiye montan chak fwa ak chak manb lè anivèsè yo rive.
- ✓ Distribiye ak chak manb bidjè mansyèl ak anyèl anivèsè tout manb yo.
- ✓ Retire penalite lè genyen reta ak dedwi taks pou reyalize selebrasyon anyèl la.
- ✓ Prezante rapò resèt sou kolèk de fon kotizasyon ak distribisyon montan, dediksyon taks ak sanksyon sou reta, depans pou selebrasyon anyèl manb yo.
- ✓ Fè manb yo apwouye **Règleman Entèn Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD la (REPA-UNEHD)**.
- ✓ Amande **Règleman Entèn Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD la (REPA-UNEHD)** sou demand manb yo.

Atik 6- Fonksyon Manb nan KOJESA.

❖ **Prezidan.**

- ✓ Konvoke reyinyon pou planifye aktivite anyèl ak bidjè Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD la (REPA-UNEHD).
- ✓ Anime reyinyon KOJESA ak delibere sou desizyon Komite a ap pran. Otorize depans sou lajan kotizasyon manb Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD la (REPA-UNEHD).
- ✓ Otorize entegrasyon nouvo manb nan Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD (REPA-UNEHD).
- ✓ Siyen pwosè vèbal reyinyon ak tout dosye administrasyon, jesyon KOJESA yo.

❖ **Sekretè Jeneral.**

- ✓ Asiste prezidan an nan reyinyon li yo kòm moun ki ap distribiye la pawòl.
- ✓ Redije pwosè vèbal reyinyon yo.
- ✓ Resevwa dosye nouvo manb ak kominike yo bay Prezidan an.
- ✓ Fè mesaj rapèl ak tout fetan mwa yo epi sou dwa kotizasyon yo.
- ✓ Konsève tout achiv KOJESA a genyen.

- ✓ Siyen ak Prezidan an pwosè vèbal reyinyon yo ak tout dosye administratif KOJESA yo.

❖ Responsab Trezoreri.

- ✓ Prepare bidjè kotizasyon mansyèl ak anyèl manb Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD yo (REPA-UNEHD).
- ✓ Prepare bidjè selebrasyon anyèl manb Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD la (REPA-UNEHD).
- ✓ Resevwa montan kotizasyon manb yo.
- ✓ Dedwi taks obligatwa ak penalite sou reta pèman kotizasyon manb yo.
- ✓ Prezante rapò kotizasyon mansyèl manb yo ak rapò depans aktivite selebrasyon anyèl **Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD (REPA-UNEHD)**.
- ✓ Siyen avèk Prezidan an Rapò depans mansyèl ak anyèl **Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD (REPA-UNEHD)**

❖ Pòt Pawòl.

- ✓ Reprezante Prezidan an ak Sekretè jeneral la pou pote mesaj nan bouch oubyen ekri.
- ✓ Asiste Sekretè jeneral la nan divès fòm komunikasyon li yo.
- ✓ Pran la pawòl an piblik nan non Komite Jesyon ak Selebrasyon Anivèsè (KOJESA).
- ✓ Diriye la pawòl tankou mèt seremoni lè genyen selebrasyon anyèl Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD (REPA-UNEHD)

❖ Konseye Jeneral.

- ✓ Bay konsèy sou tout desizyon KOJESA ap pran nan non Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD (REPA-UNEHD).
- ✓ Veye sou bon jesyon KOJESA epi fè rekòmandasyon sou fay li wè ki genyen.
- ✓ Jwe wòl abit lè genyen bouch louvri swa ant manb KOJESA oubyen ant KOJESA ak rès Manb Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD (REPA-UNEHD).

Atik 7- Chwa Manb Komite ak modalite reyinyon ak priz desizyon.

Chwa manb pou monte **KOJESA** ap fèt sou baz yon vòt ki jwenn manb **Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD** yo (**REPA-UNEHD**) ki reponn ak kritè sayo. Majorite manb Rezo Pwogram UNEHD la ap apwouve chwa Manb KOJESA yo pa mwayen yon vòt piblik inanim (**wi ou non**).

Atik 8- Kritè pou chwazi von Manb nan tèt KOJESA

Genyen 5 kritè yon Manb dwe satisfè pou li rive nan Tèt Komite Jesyon ak Selebrasyon KOJESA:

1. Fòk Manb la se referans Plizè moun
2. Fòk moun nan genyen lespri ak kapasite travay nan ekip
3. Fòk moun nan montre li genyen disiplin, sans angajman ak responsabilite
4. Fòk moun genyen konpetans pou pòs li vle okipe a
5. Fòk moun an genyen eksperyans nan zafè Òganizasyon ekonomik oubyen Pwofesyon li ap egzèse elatriye.

Atik 9- Dire manda KOJESA

Dire manda **KOJESA** a se yon lanne renouvlab. Sepandan **Manb Komite yo kapab chanje tou si Manb Rezo Pwogram Anivèsè a pa satisfè de travay yo fè oubyen si yo te genyen vye konpòtman ki pa te fè rès manb rezo a plezi.**

Atik 10- Frekans reyinyon KOJESA

KOJESA ap genyen pou li reyini **yon fwa chak fwa genyen yon manb ki ap fete anivèsè li**. Konvokasyon sa a ap fèt **48 tèd tan davans**. Men pou sa ki konsène celebrasyon anyèl la, **reyinyon sa a kapab fèt nenpòt lè sou konvokasyon Prezidan KOJESA a.**

Atik 11- Dire reyinyon Mod desizyon

Dire reyinyon sa yo ak objektif yo **ap presize nan nòt konvokasyon an**. Tout desizyon ki ap pran dwe majorité sa vle di majorite manb ki prezan yo dwe dakò pou li adopte.

Desizyon sou aktivite celebrasyon anyèl la dwe pran nan yon asanble ki reyini tout manb yo. Se **KOJESA** ki ap prezide rankont sa a **twa (3) mwa avan dat la rive**.

Atik 12- Otorisazyon dekesman

Trezorye Komite Jesyon ak Anivèsè UNEHD la ap genyen pou li fè nenpòt deknesman aprè li fini jwenn otorizasyon rès Komite jesyon an. Nan ka kontrè, tranzaksyon sa a pap angaje komite a.

Tit 4- Administrasyon Kotizasyon Manb yo Penalite ak Sanksyon

Atik 13- Montan kotizasyon.

Montan kotizasyon chak manb **Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD (REPA-UNEHD)** la se **100 us li ye jan sa ekri nan atik 3, alineya 3 nan kondisyon pou vini manb yo.**

Atik 14- Mwayen pou bay kotizasyon ak resevwa montan celebrasyon anivèsè.

Men mwayen yon manb ka bay kotizasyon li a ak resevwa montan pou li selebre anivèsè li :

- Platfòm finansyè elektwonik yo (**zelle, Cash app, paypal elatriye**).
- Biwo transfè yo (**tout taks ap sou kont manb la**)
- Lajan cash (**lè sa manb la ap ranpli yon fich pou sa**).

Atik 15- Sanksyon pou Manb ki bay kotizasyon yo an reta.

Si yon Manb ta bay kotizasyon li a an reta pou yon rezon ou pou yon lòt, **li ap genyen 50 dola chak jou pou li mete sou kotizasyon li genyen pou li bay la sou chak reta yon anivèsè.**

Atik 16- Prèv kotizasyon ak penalite.

Chak fwa yon manb ap bay kotizasyon li a oubyen penalite 50 dola reta ckak jou a, **manb la dwe pataje foto tranzaksyon an ak non manb la ladan li sou foròm Administrasyon an.**

Atik 17- Prèv Kotizasyon ak penalite yon manb pou yon lòt manb.

Yon manb kapab bay **kotizasyon ak reta** 50 dola ckak jou a, **pou yon lòt manb**. Nan ka sa se **manb yo peye pou li a ki dwe pataje foto tranzaksyon an ki genyen non manb lan ladan li ak sou foròm administrasyon jan sa ekri nan atik 11 la.**

Atik 18- Kondisyon pou yon manb resevwa Montan kotizasyon Manb fetan an pou li.

Yon lòt manb oubyen lòt moun kapab resevwa kotizasyon manb ki ap fete a, **ak kondisyon manb la dwe bay otorizasyon li ak Administrasyon an pou sa**. Nan ka kontrè, **kotizasyon manb la ap rete nan kès Administrasyon an jiskaske manb la disponib.**

Atik 19- Taks 10% sou chak Montan celebrasyon Anivèsè von Manb.

Administrasyon an ap retire **10% sou chak dat anivèsè yon manb**. Montan kotizasyon **taks 10% sa a ap sèvi pou nou fè yon gwo retwouvay, yon gala, yon vwayaj sou lanmè oubyen yon kapital envestisman kolektif, pou tout manb Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD (REPA- UNEHD)** la nan finisman lanne a. chwa youn nan aktivite sa yo ap reyalize pa mwayen yon vòt majorité. Kontni youn nan aktivite sa yo, kote li ap fèt la ak jou a egzakteman se **KOJESA ki ap kominike li ak tout manb yo**.

Atik 20- Taks 2% sou chak Montan celebrasyon Anivèsè von Manb.

Sou chak manb ki ap fete, pou avansman pwogram anivèsè a, **Administrasyon an ap retire 2% sou chak manb pou peye telefòn, sèvis entènèt, jesyon sit wèb ak Ranfòsman Enstitisyonèl**.

Tit 5- Retrè yon Manb nan Rezo Pwogram Anivèsè.

Atik 21- Sanksyon pou dèt sou reta kotizasyon ak penalite 50 dola.

Si fèt yon manb poko rive, epi manb la ta dwe kotizasyon li ak **50 dola reta a**, lè dat anivèsè manb sa a rive, **Administrasyon a pap ba li kotizasyon manb li**. Administrasyon an ap remèt li **kotizasyon manb li a nan finisman lanne a aprè tout manb fini fete**. Manb la ap rete sou foròm nan men li pap kapab patisipe nan pwochén anivèsè a.

Atik 22- Sanksyon nan ka anivèsè Manb la ak referans manb li ki pase.

Si fèt referans manb la ak fèt manb la ta gentan pase, **si manb la ta dwe montan kotizasyon ak penalite 50 dola reta**, lè sa a, **Administrasyon an ap retire manb la nan Pwogram Anivèsè a nan finisman lanne a**. Epi aprè sa, **se referans manb la ki ap reskonsab pou li bay kotizasyon ak 50 dola reta manb la**.

Pa blyie yon manb se referans yon lòt a pati yon lanne. Pou tout lòt ane ki ap vini yo, manb la ap reskonsab tout chay li yo.

Atik 23- Konsiderasyon sou yon Manb ki mouri.

Si yon manb ta mouri sa vle di li vini pa egziste ankò anndan **REPA-UNEHD**, epi li te gentan pran kotizasyon pa li a, alòske tout manb yo ap mete ansanm pou yo fini kotize pou rès anivèsè ki rete yo. Epi si manb la potko jwenn kotizasyon pa li a, Administrasyon an ap retire tout kotizasyon manb ki potko fete yo epi remèt rès kotizasyon an ak yon fanmi pwòch manb defen an.

Tit 6- Dispozisyon final

Atik 24- Frekans pou Amandman.

Si genyen nesesite pou sa, atik nan règleman entèn sa kapab modifie pou pèmèt **Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD (REPA-UNEHD)** la adapte avèk tan an ak bezwen manb li yo.

Chanjman yon atik oubyen ajoute lòt atik ladan li ap fèt nan fen lanne tout swit aprè celebrasyon anyèl Manb **Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD (REPA-UNEHD)** la. Se **KOJESA** a ki ap genyen reskonsabilite pou fè sa.

Atik 25- Kondisyon pou aplikasyon règleman sa yo.

Pou tout règleman sa yo antre an aplikasyon, **Komite Jesyon ak Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** dwe mete sou pye. Paske se li menm ki ap genyen pou veye ak aplike tout desizyon sa yo jan sa ekri nan atik 5 Règleman entèn **Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD (REPA- UNEHD)** la.

Atik 26- Jesyon konflli Manb UNEHD ak KOJESA

Tout manb UNEHD yo dwe bay anpil enpòtans ak aplikasyon atik 10,14,15,16,17 jan sa ekri nan Règleman Entèn nan san chache jwenn okenn pretèks pou jistifye kwakseswa.

Nan ka yon manb ta vyole yon atik kelkonk nan Pwotokòl la li siyen an, e li pa rive jwenn yon antant avèk komite Jesyon UNEHD la, alò Komite a ap genyen pou reyini an asanble generaal avèk tout manb pou jwenn yon solisyon. Si okenn desizyon pa rive rezoud pwoblèm la, se Jij ki nan tribunal nan eta kote UNEHD anrejistre a ki ap genyen pou li tranche definitivman.

Atik 27- Apwobasyon Règleman entèn Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD (REPA-UNEHD).

Tout ansyen ak nouvo manb dwe resevwa Règleman Entèn Rezo Pwogram anivèsè UNEHD (REPA-UNEHD) la pou yo konnen sa ki ladan li, apwouve li, epi respekte tout atik ki ladan li nan mete yo tout an aplikasyon. Apwobasyon an se yon ak angajman. Pou sa rive fèt, **manb la ap siyen yon kopi nan Règleman entèn nan** epi retounen li bay **KOJESA** pou anrejistreman ak konsèvasyon.

Mwen menm _____ mwen siyen paske mwen dakò ak tout atik nan Règleman Entèn nan pou mete yo an aplikasyon epi koube mwen anba sanksyon yo chak fwa mwen vyole youn ladan yo.

Fèt nan dat ki te _____ / _____ / _____